# DI’QQAT, TAN’LAW: «JI’LDI’N’ YeN’ JAQSI’ KITABI’»

Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (53 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (53 KB)

O’zbekistan baspaso’z ha’m xabar agentligi 2015-ji’ldi’n’ oktyabr-noyabr aylari’nda O’zbekistan Respublikasi’ g’a’rezsizliginin’ 24 ji’lli’g’i’na bag’i’shlap respublikali’q baspalardi’n’ wo’z-ara birge islesiwin ken’eytiw, basi’li’m ma’deniyati’ ha’m baspalardi’n’ do’retiwshilik potenciali’n artti’ri’w, salada yerisilgen tabi’slardi’ ken’ yen jaydi’ri’w, basi’p shi’g’ari’wshi’lar, redaktorlar ha’m texnikali’q redaktorlar, korrektor, su’wretshi-dizaynerler, poligrafiya xi’zmetkerlerin xoshametlew, xali’qti’n’ barli’q qatlami’, atap aytqanda, jaslar arasi’nda kitapqumarli’q ma’deniyati’n ken’nen u’git-na’siyatlaw maqsetinde **«Ji’ldi’n’ yen’ jaqsi’ kitabi’»** VII Respublikali’q tan’lawi’ to’mendegi 7 nominaciya boyi’nsha wo’tkeriletug’i’ni’n ja’riyalaydi’:

1. «Socialli’q-siyasiy a’debiyat»;

2. «Watan tariyxi’»;

3. «O’zbek ha’m ja’ha’n klassikali’q a’debiyati’»;

4. «Balalar ha’m jas wo’spirimler a’debiyati’»;

5. «ART kitap»;

6. «Ruwxi’y-ag’arti’wshi’li’q a’debiyatlar»;

7.«Ilimiy-fundamentalli’q shi’g’armalar, enciklopediyali’q basi’li’mlar».

Tan’lawg’a qoyi’lg’an basi’li’mlardi’n’ to’mendegi ta’repleri yesapqa ali’nadi’:

- mazmun-ma’nisi, ilimiy-ag’arti’wshi’li’q jaqtan tayarlani’w da’rejesi;

- redaktorlaw-basi’p shi’g’ari’w da’rejesi;

- dizayninin’ woriginal sheshimi ha’m ko’rkem sheshimlerinin’ mazmuni’na, woqi’wshi’lar topari’na ja’ne kitapti’n’ maqsetlerine muwapi’qli’g’i’;

- poligrafiyali’q jumi’sti’n’ wori’nlani’w sapasi’;

- basi’li’mni’n’ g’alabali’g’i’ ha’m socialli’q a’hmiyetliligi.

Baspalar usi’ tan’lawda ha’r bir nominaciya boyi’nsha bir waqi’tti’n’ wo’zinde bir qansha atamadag’i’ kitap wo’nimleri menen qatnasi’wi’ mu’mkin.

Tan’lawg’a usi’ni’li’p ati’rg’an basi’li’mlar 2015-ji’ldi’n’ 1-noyabrine shekem qabi’l yetiledi.

Tan’law jen’impazlari’ sho’lkemlestiriw komiteti ta’repinen 2015-ji’ldi’n’ noyabr ayi’nda boli’p wo’tetug’i’n «O’zbekistan baspaso’zi» IV Milliy ko’rgizbesi ilajlari’ shen’berinde si’yli’qlani’p, wolarg’a tan’lawdi’n’ arnawli’ diplomlari’ saltanatli’ ra’wishte tapsi’ri’ladi’.

Tan’lawg’a usi’ni’li’p ati’rg’an kitaplar bir nusqadan O’zbekistan baspaso’z ha’m xabar agentligine jiberilsin.

Ma’nzil: Tashkent-100129, Nawayi’ ko’shesi, 30-jay,

Mu’ra’jat ushi’n telefonlar: (0-371) 244-12-61, 244-31-85.

Sa'ne: 07.10.2015 18:36, ma'rte ko'rip shi'g'i'ldi'